Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 42 (7443)
20 октябрь
2020 сон

Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Совещание тIобитIана



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана аппараталъулаб совещание. Гьениб къойил гьоркьоблъеялде росун рукIана районалда эпидемиологическияб ахIвал-хIалалда хурхун, гIаммаб лъай кьеялъул учреждениязда, мусоралда, бакIал раялда, гьединго районалъул экономикаялда ва культураялда хурхарал суалал.

Совещание рагьулаго муниципалитеталъул бетIерас кIвар кьуна районалда эпидемиологияб ахIвал-хIал жеги бербалагьиялдаса борчIизе тезе бегьулеб хIалалда гьечIин ва маскаби раялъул режим жеги цIунизе кколилан. Совещаниялда ГI. МухIамадовичас цIех-рех гьабуна школазда кьолеб хинаб квеналъул, пищеблоказул бугеб ахIвал-хIалалъул, хасалоялде школазда хинлъи чIезабиялде хIадурлъиялъул бугеб хIалалъул.

Жиндирго кIалъаялда бетIерасул социалиял суалазул рахъалъ зам. ГI-М. МухIамадовас бицана Унсоколо № I ва №2 школазда гьеб суалалда хурхул хал гьаби тIобитIанин ва кьолеб хинаб квен тIагIамаб букIанин пищеблоказул бугеб хIалалъги рази гьарунин.

БакIал раялъул суалазда хъатIулаго бетIерасул экономикиял суалазул рахъалъ зам. Хъ. ГIабдулхаликовас бихьизабуна «I00 школ» проекталда рекъон ралел рукIарал Унсоколо № I СОШ ва Зирани СОШ ран рагIалде рахъанин. Гьединго хIалтIизаризе кьунин районалъул цо-цо росабалъ ралел рукIарал объекталги.

Гьеб гуребги ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна хIалтIизабизе кьунин «Культурная среда» федералияб проекталда рекъон Унсоколо къачIалеб букIараб клубги. Разилъи загьир гьабуна ремонт гьабураб куцалдаса.

Совещаниялъул ахиралда гьоркьор лъуна цогидал суалалги ва гьел тIуразариялъе ресалги рихьизаруна.

## Отделазул нухмалъулезул совещание



I6 октябралда тIобитIана отделазул нухмалъулел данделъараб совещание.

Данделъиялда гIахьаллъана лъай кьеялъул отделалъул нач. КъурамухIамад ХIасанов, культураялъул отделалъул нач. ГIали ГIабдулаев, «ЕИСалъул» нухмалъулев ХIажимухIамад ГъазимухIамадов, спорталъул комитеталъул председатель МухIамад МухIамадов.

Совещаниялда гьоркьоб лъуна гьал моцIазда гьаризесел хIалтIаби, бицана арал моцIазда гьарурал хIалтIабазул хIасилазул.

## Унсоколо культурияб Центр рагьана

Араб анкьалда Унсоколо росулъ букIана «Культурная среда» федералияб проекталда ва «Культура» миллияб проекталда рекъон капиталияб ремонт гьабун рукIалиде ккезабураб гьанжесеб культураялъул хIалхьи гьабиялъул Центр рагьиялде буссараб рохалилаб данделъи.

ГIемераб ва рагIа-ракьалде щвараб хIалтIи гьабун буго гьеб минаялда. Гьанже клуб буго районалдаго кIвар бугел тадбирал жанир тIоритIизе бегьулеб, берцинаб, санагIатаб ва гIатIидаб. Гьениб тIадеги хIалтIаби гьарун къачIан руго киналго къадал, мокърукьаса, балагьизе рачIарал гIодор чIезе бакIал, сцена ва цогидабги. ХIалтIаби гьарун руго тIадегIанаб къагIидаялъ ва качествалда.

Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул замал Хъ-М. ГIабдулхаликъов, М. ХIамзатов, ГI-М. МухIамадов,



райадминистрациялъул вакилзаби, Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев.

Данделъи рагьулаго культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас бихьизабуна гьадинаб кIудияб хиса-баси клубалъул хIалтIулъ ккезабунин РДялъул культураялъул министерствалъул кверчIваялъ ва районалъул администрациялъул хIаракаталъ,-абун. «Дие бокьун буго Дагъистаналдаго, нилъер районалдаги «Культурная среда» регионалияб проекталда рекъон гьадинаб хIалтIи гьабуразе ракI-ракIалъулаб баркала кьезе. Гьаниб гьабун буго цIикIкIараб хIалтIи. Гьаб клубалда цере рахъана гIемерал цIар рагIарал гIадамал, мустахIикъал артистал, эстрадаялъул хIалтIухъаби. Нилъ цIакъ рохарал руго гьадин берцинго нилъер клуб къачIан букIиналдаса.

РагIи кьуна ГI. НурмухIамадовасе. Гьес бихьизабуна гьадинаб берцинаб клуб цебегоялдаса нахъе букIинчIин. «РакI-ракIалъ гьеб баркизе изну кье ансадерида. Дун кутакалда рази вуго культураялъул министерствалдаса, министр З. Бутаевалдаса. РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго гьелъие. Гьединго баркала кьезе бокьун буго гьаб росдал бетIер ХI. ГIабдулаевасе. Гьесги жинда барабщинаб гьабуна гьадинаб санагIатаб клуб гьабиялъе, цIикIкIараб хIалтIи гьабуна проекталде гъорлъе гьеб ккезабиялъе. БетIерас кIвар кьуни росулъ щвалде щвараб хIалтIи букIуна. Гьаб коронавирусалъул заман гьечIебани дагьабги гIатIидго гьабилаан нилъеца гьаб рохалилаб тадбир. БачIина нилъеде гьединаб заманги. Федералиял программабазда рекъон жеги бакIал ралел руго нилъер гьанир, гьелъ чIахIиял церетIеязе ресал кьезе руго»,-ян абуна ахиралдаги бетIерас.

Капиталияб ремонт клубалъе гьабиялъе гьабураб кумекалъухъ РДялъул культураялъул министерствалъе ва районалъул архитекторасе баркала загьир гьабуна ХI. ГIабдулаевасги.

# «Нилъер мурад – Дагъистаналъул мугІрул территория цІуни»



Дагъал церегІан къоязда районалъул администрациялда букІана «Социалиябгун экономикияб рахъалъ РДялъул мугІрул территория цебетІеялъе ругел ресал» РДялъул госпрограммаби гІумроялде рахъинариялде буссараб семинар-совешание. Тадбиралде ахІун рукІана нилъер районалъул предпринимателал. Тахшагьаралдаса гьелгун дандчІвазе рачІана РДялъул экономикаялъулгун министрасул территориалияб цебетІеялъул тІоцевесев зам. С. Абудкъадирова, РДялъул минэкономразвитиялда цебе бугеб гІелмабазул общественнияб советалъул пред. РДялъул мустахІикъав экономист, профессор, географиял гІелмабазул доктор Ш. Мудуев, РФялъул Президентасул курсалъе кверчІваялъул ФНДялъул пред., Дагъистаналъул «Гражданская платформа» РО ППялъул нухмалъулев Ш. Асламханов.

Тадбир рагьана Унсоколо районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас. Гьес гьалбадерие салам кьуна ва бихьизабуна предпринимателазул гьадинаб кверчІвай районалъе ва мугІрул территориялъе гьабсагІаталда хІакъикъаталдаги хІажат бугин. Жакъасеб дандчІваялъул бугеб мурадги бичІчІизабулаго Светлана Хизриевналъ бихьизабуна министерствалъул аслияб масъала кколин, мугІрузул гІадамазухъе, предпринимателазухъе гьадинаб гьайбатаб программа букІиналъул хабар щвезаби, гьединго гьезда бичІчІизаби гьединал ишазе пачалихъалъ риччарал гІарцал рукІинги. «Ниж рохарал руго нужер гьаб баракатаб ракьалда дандчІвазе щвеялдаса! Гьаб буго тІадегІанал гІадамазул, ай личностазул гьайбатаб, берцинаб ВатІан. Жакъа гьаниб ва мугІрул территориялда гьеб программа хІалтІизе лъугьин ва гьелда хурхун нужер ругел суалазухъ гІенекки буго нижеда цебе чІараб масъала,-ян кІалъана гьей гьоркьохъеб бизнесалъул предпринимателалгун. – Нужер рес буго пачалихъалдасан гьеб программа гІумроялде бахъинабиялъе субсидиял щвезе. Нахъе бецІичІого. Нижеца 27 октябралде щвезегІан нахъбахъана заявкаби кьей. Гьединлъида гьеб нужеда бицине рачІана жакъа нужехъе».

Ш. Ситтиновичас бихьизабуна гьадинаб программа кибниги хІалтІулеб гьечІин РФялда нилъер республикаялъул ГТОялда гурони. «Нижеда гІемераб гІакъуба бихьана гьаб программа къабул гьабиялъе къеркьолаго. ЗахІматал шартІазда руго ва жидерго гІагараб ракь рехун течІого. МагІарулазе кумек гьабиялъе гьабуна кинабго»,-ян бицана дандчІваразда общественнияб Советалъул председателас. – Щаялиго гьелъулъ цо-цояз балагьулеб буго квешаб рахъ. Гьеб гьелъулъ гьечІо. ГьечІо коррупция, лъеда гьоркь ругел гамчІал. Нижер мурад буго мугІрул территориялда гІумро цІуни. Гьенир цІунизе тІабигІиял ресурсал, гІумро, гІадат-гІамал, культурияб ва цогидабги бечелъи ва гІемераб цогидабги нилъерабго.

ДандчІваялда бихьизабуна Унсоколо районалда бугин бизнесалъул гІемерал видал гІумроялде рахъинаризе ресал. Мисалалъе рехсана гьеб программаялда бугеб ООО «Хлебный дом». Гьениб махщалида гьарула чадал, батІи-батІиял жал.

Гьенибго бизнесчагІаз кьуна программаялда хурхун гІемерал суалал, гьезие щвана чІванкъотІарал жавабалги.

Программаялда гІахьаллъаразе щивасе нахъе щвезе рес буго тІад буссун хасаб гІарац, букІине те дагьаб къадар, гьеб щола нужер бизнесалда хвезабураб къадар.

Аслияб мурад гьелъул гьабизе бокьаразе гьеб лъун буго uncukul.ru сайталда, гьединго цІех-рех гьабизе бегьула РДялъул Минэкономразвитиялдасан.

## Рищватчилъиялде данде бугеб программа гІумроялде бахъинабиялъе

Дагъистаналъул халкъияб магІишаталъул пачалихъияб университеталда «Пачалихъияб управлениялъул ва муниципалияб буголъиял да хурхун рищватчилъи лъугІизабиялъе» темаялда хасаб курс рагьун буго. Унсоколо администрациялъул рахъалдасан гьенив гІахьаллъулев вуго «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» МКУялъул нач. М. МалламухІамадов.

Курсалъул программа буго рагІа-ракьанде щвараб, пайдаяб. Гьелда гьорлъе рачун руго РФялъул коррупциялде данде чІараб законодательствалда рекъон пачалихъиябгун муниципалияб буголъи цІуниялъул рахъалъ правовиял кьучІал, гьелъие гІоло бугеб жавабчилъи ва гІемераб цогидабги.

ЦІалиялда рекъон гьаризе руго тестирование ва кьезе руго удостовереният.

# Армиялде нухда регІана

І9 октябралда Унсоколо районалдаса 6 призывник регІана Армиялда хъулухъ гьабизе. Гьеб тадбир ана райадминистрациялъул азбаралда.

Армиялде унел ругел гІолохъабаз кьуна коронавирусалъул тестал, гьелго тестал гьез кьезе руго МахІачхъала шагьаралъул военкоматалдаги.

Васал регІизе рачІун рукІана гьезул гІагарал, лъалел-хъвалел ва райадминистрациялъул хІалтІухъаби. Нухда унаго гьезие гьарана хъулухъ гьабулаго битІккей.

# ЦІияб парк рагьана



20 октябралда ГьаракІуни росулъ букІана «Комфортная городская среда» поограммаялда рекъон гьабураб цІияб парк рагьиялда хурхараб рохалилаб данделъи.

Тадбиралда гІахьаллъана муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, гьесул замал, районалъул администрациялъул вакилзаби.

ГІиса НурмухІамадовасул бетІерлъиялда вакилзабаз гьениб хал гьабуна киналго каруселазул, качелазул ва расандиялъул площадкаялъул.

Гьанже гьерекІдерил лъимализул рес буго паркалда хІалхьи гьабизе, расандизе, киналго жакъасеб къоялъул тІалабазе жаваб кьолел оборудованиялдаса пайда босизе.

# Хал гьаби тІобитІана



І9 октябралда «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасул тІадкъаялда рекъон тІобитІана Шамильхъала поселокалъул школазда ва ясли-ахазда лъималазе кьолеб кванил ва пищеблоказул хал гьаби. Гьеб ишалда гІахьаллъана муниципалитеталъул бетІерасул зам. ГІ-М. МухІамадов, лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тІуралев Къ-М. ХІасанов, хІисаб-суалалъул палатаялъул пред. ГІамир Насрудинов.

ТІоцере администрациялъул вакилзаби щвана Шамильхъалаялъул школалде. Хал гьабуна менюялъул, гара-чІвари гьабуна школалъул директор Гъ. ХІасановасулгун, медсестраялъулгун ва цогидалги хІалтІухъабазулгун. Хал гьабуна квание хІалтІизарулел ругел продуктабазул, Роспотребнадзоралъул тІалабал тІуразарулел ругеб куцалъул. Гьелдаса хадуб делегация щвана школазда цересел лъай кьеялъул учреждениязде - № 8 ва №9 ясли-ахазде. Гара-чІвари гьабуна ясли-ахазул заведующиязулгун, медсестрабазулгун, гІенеккана хІалтІулъ гьезул ругел захІмалъабазухъ, мурадазухъ, хал гьабуна пищеблоказул.

Абизе ккола хал гьабиялъул хІасилал квешал ккечІин. Гьел учреждениязда цІунун ругоан киналго хІинкъи гьечІолъиялъул къагІидаби, кванил качествоги лъикІаб букІана. Гьединго тІуразарулел ругоан Роспотребнадзоралъул киналго тІалабалги.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 42 (7443)
Талат
20 октябрь 2020 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



# Сергей Меликов провел заседание Оперштаба в режиме ВКС



«Сегодня, 20 октября, под руководством врио Главы Республики Дагестан Сергея Алимовича Меликова в режиме видеоконференцсвязи состоялось заседание Оперативного штаба по предупреждению завоза и распространения новой коронавирусной инфекции.

В мероприятии принял участие совместно с ответственными работниками.

Открывая работу заседания, Сергей Алимович констатировал санитарно-эпидемиологическую ситуацию по республике.

Ситуация в Дагестане хотя и напряженная, сложная, но контролируемая органами власти. За последние недели темп прироста заболеваемости 0,6%.

Врио Главы Республики отметил основные приоритеты. Главная задача-сохранение жизни людей и, именно поэтому в республике планируется ограничить проведение массовых мероприятий.

В продолжение темы Руководитель Роспотребнадзора РД Николай Попов, учитывая санэпидситуацию по муниципальным районам и городам, озвучил ряд предложений по борьбе с инфекцией.

Было предложено региональным нормативным правовым актом привлекать к административной ответственности за неиспользование средств индивидуальной защиты, масок.

Выслушали также отчеты руководителей соответствующих республиканских ведомств.

Врио Главы РД поручил Администрации Главы и Правительства РД проработать озвученные предложения, согласовать с точки зрения правовых аспектов, и на основании этого совместно с Правительством подготовить проект Указа.

По завершении ВКС дал поручения ответственным работникам, в частности, активизировать информационную работу среди населения», — написал Ф.Ахмедов.

## «Сообщи, где торгуют смертью!»




Уважаемые жители, в МО «Унцукульский район» проводится еже- годная Всероссийская антинаркотическая акция «Сообщи, где торгуют смертью!», сообщает ОМВД России по Унцукульскому району.

Главная цель акции «Сообщи, где торгуют смертью!» – это инфор-мирование населения по вопросам профилактики наркозависимости, лече-ния и реабилитации больных наркоманией, а также сокращение уровня наркопреступности и оздоровление криминогенной обстановки.

О местонахождении наркопритонов, точках сбыта наркотиков и других наркопреступлениях можно сообщить по телефону доверия – **99-60-33**

# Иса Нурмагомедов принял участие в праздновании 30-летия Союза женщин Дагестана



15 октября в Доме Дружбы в Махачкале прошло торжественное мероприятие, посвященное 30-летию Союза женщин России.

На это мероприятие был приглашен глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов.

За большой вклад в развитие деятельности регионального отделения Союза женщин России Республики Дагестан Исе Магомедовичу вручили Почётную грамоту.

В мероприятии приняли участие 1-й заместитель Председателя Правительства РД Анатолий Карибов, заместитель председателя Народного Собрания РД Елена Ельникова, руководители ряда министерств и ведомств.

Со словами приветствия ко всем обратился Анатолий Карибов. Он отметил, что Союз женщин является самым крупным женским объединением, имеющим глубокие корни и богатую историю.

«Вы проводите большую работу в тесном взаимодействии с государством, направленную на совершенствование в нашей стране демографической политики, укрепление института семьи, воспитание подрастающего поколения.

Члены Союза женщин принимают самое активное участие в реализации национальных проектов», - отметил Анатолий Карибов.

Было отмечено, что под руководством СЖ во всех образовательных организациях Дагестана созданы советы отцов.

Напомним, что представители Союза женщин в августе приезжали на крупный форум в Унцукульский район, где обсудили важные вопросы, связанные с туризмом в Дагестане и вкладом женщин в его развитие. Иса Нурмагомедов поблагодарил Союз женщин за работу, которая ежедневно проделывается и пожелал успехов в реализации планов.

# Онкологию лучше предотвратить

Онкологические заболевания занимают 2 место среди болезней, приводящих к смертельному исходу. В нашей стране наибольшее распространение получили злокачественные новообразования молочной железы, матки, кишечника, продстательной железы у мужчин.

Диагностика и лечение онкологических заболеваний – это сложный и дорогостоящий процесс. Чем более запущенный случай, тем меньше шансов на благоприятный прогноз. А при раннем обнаружении на 1-2 стадии в 80% случаев возможно излечение. Поэтому так важно вовремя пройти каждому застрахованному гражданину диспансеризацию и профилактический осмотр.

В целях раннего обнаружения онкологических заболеваний и выявления болезни на ранней стадии можно пройти диагностические исследования за счёт средств ОМС по полису бесплатно в рамках профилактических мероприятий.

Для своевременного выявления онкологии необходимо:

Лицам от 18 до 40 лет проходить диспансеризацию 1 раз в 3 года, после 40 лет-ежегодно, Всем 1 раз в год проходить флюорографическое обследование лёгких, Женщинам старше 40 лет 1 раз в 2 года проходить маммографию молочных желёз, посещать гинеколога.

Мужчинам старше 45 лет желательно ежегодно проходить осмотр уролога с проведением лабораторного обследования на наличие простато- срецифического антигена.

Все, имеющие риск развития опухоли толстого кишечника должны обследоваться у проктолога ежегодно и даже 2 раза в год.

Для этих целей любой застрахованный можен обратиться в поликлинику дляпрохождения профилактического медосмотра.

К факторам риска развития онкозаболеваний относятся употребление табака, алкоголя, нездоровое неправильное питание, избытючный вес, стрессовые ситуации, негативные стороны профессиональной деятельности, другими словами – всё, что ведёт к снижению иммунитета и защитных сил организма.

Риск развития онкологических заболеваний в определённой степени снижает здоровый образ жизни, отказ от табакокурения и употребления алкоголя, занятия физкультурой и спортом, избегание стрессовых ситуаций дома и на работе.

**Буйнакский филиал ТФОМ РД.**

## Бергьенлъигун тIад руссана



20 октябралда республикаялъул тахшагьар МахIачхъалаялда тIобитIана ТIолгороссиялъул кIваралъул гIолел инспекторазул агитбригадаялъул «Верны ЮИДовской стране» зоналияб конкурс. Гьеб унеб букIана гIаммаб лъай кьеялъул цIалдохъабазда гьоркьоб.

Конкурсалъул аслияб мурад букIана лъималазул нухда хьвади хIинкъи гьечIеблъун букIинаби. Тадбир унеб букIана 4 этапалда. Лъабабилеб зоналияб этапалда гIахьаллъана Шамилькъала поселокалъул СОШалъул цIалдохъаби. Нилъер лъималазул командаялда цIар букIана «Знатоки».

Бергьенлъиялъе гIоло гьел къеркьолел рукIана мугIрузул зонаялъул 17 батIияб командаялъул вакилзабигун. Гьез Г. ГIабдурахIмановалъул нухмалъиялда гъоркь «Творческий конкурс по безопасности дорожного движения» номинациялда бергьенлъи босана.

Баркула цIалдохъабазда ва гьезул нухмалъулелда бергьенлъи! Гьарула гьезие конкурсазда, цIалулъ ва гIумруялъулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби!

## Стартовала выдача персональных цифровых сертификатов

С 15 по 30 октября жители России смогут получить персональные цифровые сертификаты в рамках федерального проекта #КадрыЦЭ нацпроекта «Цифровая экономика РФ».

ЦифровыеСертификаты дают право на бесплатное обучение на курсах по компетенциям цифровой экономики: программированию, цифровому маркетингу, большим данным, кибербезопасности и другим направлениям.

В 2020 году получить сертификаты могут 33 000 человек:

- от 18 лет до пенсионного возраста
- из 48 регионов РФ (нужна постоянная или временная регистрация по месту жительства)
- с дипломом о среднем профессиональном или высшем образовании

Утвержденным пользователям станут доступны на выбор образовательные курсы продолжительностью до 72 академических часов. Среди поставщиков образовательных программ – Нетология, Кванториум, Корпоративный университет Сбербанка, Центра образовательных компетенций НТИ, Университет Иннополис, а также вузы почти из 30 регионов РФ.

Обучение проходит полностью в дистанционном формате. Программы рассчитаны на людей с начальным, базовым и продвинутым уровнем подготовки. По итогам успешного обучения слушатели получат официальное удостоверение о повышении квалификации.

Узнать подробнее о 22 направлениях обучения, участии вашего региона в списке 48 субъектов-участников и подать заявку на сертификат можно на сайте цифровойсертификат.рф https://clck.ru/PhSZy

# Поэзиялъул букIон

## Гьаб щиб замана?

ЛъикIав гьудуласда гьудул кIочарав
Гьобол гьоболасде тIаде щоларев,
ЩайтIан-илбисалъул мурад тIубараб
ТIаде бачIун бугеб батIияб заман.
Хобал цIолел руго цIиял занабаз
Зигарудул бокIон бихьулеб гьечIо,
Бертаби гьукъана, магIил рукъ гьечIо
Огь, тIаде бачIараб батIияб заман.
КъватIахъ расандулел лъималазул хъуй
Урхъаниги гьанже рагIулеб гьечIо,
ГIунараб хасалил сардида релъун
Ссун буго тIабигIат сверухълъиялда.
Свакан гIодов чIарав хераcда релъун
Рукъазабахъ тIупараб росдал жамагIат,
Жаниб рекIелъ гьечIеб щибниги рохел
Хирияв БетIергьан гьабго щиб заман.
Хварасе садакъа, къулгъу щолареб
Щвараб ГIидалъул къо гьоркьоб тIамулеб,
ТIадаб рузман базе мажгит гьукъараб
Паналъиялъ квергщел гьабураб заман.
Кинидахъ ахIулеб кIочIол саринал
Эбелалда кIочон тараб замана,
Залимаб унтуца квергщел гьабураб
Гьабизе кIолеб жо гьечIеб замана.
Зулму батаниги, щиб батаниги
Щивалъе хIал кIолев Аллагь мун вуго,
Уммат МухIамадил дуца рижарал
Рехун тоге Аллагь, Дуде аманат!

## ЦIумур кьабиялъухъ балагьун йиго

Цоги лъагIел ана, цоги сон ана
Цоцазда къецги бан къокъидалъ тIурун,
ТIогьол махI ссун ана, хаслихълъи щвана
Саву ккарал тIамхал гъенезе лъвана.
Ссаназда гIурччинхер тIогьиллъун ана
ТIабигIаталъ дие сарин ахIана,
Сон гIолохъанчIужу, жакъа кIудияй
КIалдиса ца гъварай, бетIер хъахIлъарай.
Сакъис гIадин гIумро дуца чIамурай
ГIумроялъ дур хIалал гIемер рихьарай,
Бухьун квербацIалда дурго гIамалгун
ЦIумур кьабиялъухъ балагьун чIа,-ян.

## ГIадалаб чIухIи

Огь, гIамал кIудияб гIадалаб чIухIи
ЧIаголъи гьечIеца хIалтIизабулеб,
ХIет1е нуха битIун лъезе лъаларез
БетIер борхун кколеб гIадалаб заман.
ЧIахIида бакараб цIаялъ киниги
Киналго лъикIлъаби рухIулеб чIухIи,
ЧIобогосеб ботIрой ханлъи гьабулеб
Гьодораб рекIее кIодолъи кьолеб.
Гьуинлъи тIагIараб, гьудул вилараб
Гьагаб гIамалалъул гIадалаб чIухIи,
ГIадамазда жаниб жиб рикIкIунареб
РакI махIцараз хIалеб гIадалаб чIухIи.

## РекIелъ бакараб цIа

РекIелъ цIа бакана, цIарцин лъаларев
ЦIа гIадин лебалав гIолилас дида,
Досул гьурмадулги кьер босун ана
Кьерилал ясазулъ дун йихьарайго.
Юхьун чIарай гIадин ххаган хутIарай
Хиялаз йикIана гьесухъе цIалей,
Бахьинаб надалде тIагъурги бачун
Бераца цIалана гьес дир хIакъикъат.
ХIикмалъи доб къоялъ букIараб асар
Унаро рекIелъа жакъаги дида.
Жаваб кIалзулгицин рагIичIев васас
РекIел хиялазда ханлъи гьабуна.

Суайбат ХIАМЗАТОВА.

## Вай, гьал авариял!

Ахираб заманалда
ГIемер рагIулеб буго
Машинабаз гьарулел
Авариязул харбал.

Гьел ккола шагьра-нухда
Шагьаразул къатIазда,
МугIрул свералабазда
Ва цогидал бакIазда.

Машина кьурулъ речIчIун
ГIурулъе бортун уна,
Яги гьокоги кьвагьун
Квешлъиялде рачуна.

Киналго гIедегIараб
Замана бачIун буго,
«Дудаса дун лъикIавин»
Буго щивасул пикру.

Щибдай гьелъие гIилла?
СогIлъун вугеб куц инсан,
Яги гIарцухъ босараб
Документищ гIайибаб?

Нухалищ квешал ругел
Транспортищ жагьалаб?
Яги руладда нахъа
Мехтарав водителищ?

КигIан бокьичIониги
ГIолохъанал гIадамаз,
ГIисинал лъималаца
Толеб буго дуниял!

Чан чиясул мурадал
Арал хIурудахъ щущан,
ГIажизлъун бусаде ккун
Чанасул талихI къараб?

Балагьалъул тIирабаз
Бесдалал гIемерлъула,
ЦохIого бугеб лъимер
Эбел-инсуй камула.

КъваригIун буго жакъа
КъвакIраб гIадлу-низам,
Авариял дагьлъизе
ГьечIого жиб гIолареб.

Хехал гIорал ралъдахъе
Щоларилан абула,
Гьеб умумазул кици
Воре кIочене тоге.

ГIедегIуге гIадамал
Гьаб дуниялалъул рокъор,
Гьадингоги къокъаб жо
Буго чиясул гIумро.

Ццидахун, рихха-хочун
Гьабуге гьаб магIишат,
ХъантIи, согIлъи жибго те
Сабру цебе ккезабе!

ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ,
Хъвадарухъабазул
Союзалъул член

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 19. 09. 20 г. 17.30
фактически -18. 00 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.